DEPARTMENT OF CONSERVATION AND RECREATION

(DEPATMAN PREZÈVASYON AK LWAZI)



PLAN AKSESIBLITE LENGWISTIK

Revizyon Aplikab an jiyè 2026

I. ENTWODIKSYON

Depatman Prezèvasyon ak Lwazi (DCR) favorize koneksyon ant moun ak lanati nan pwoteje ak amelyore resous natirèl, kiltirèl, ak resous pou lwazi ki pataje nou yo. Enfrastrikti nou yo konekte moun ak peyizaj yo epi enstalasyon lwazi n ap pran swen yo pou ranfòse kominote ak ekonomi nou yo. Nou angaje pou nou jere yon sistèm pak kote tout abitan ak vizitè yo kapab relakse yo, reflechi, ak gen yon santiman apatenans nan espas ouvè ak teren piblik nou yo.

Angajman sa a pran ankont moun ki gen Metriz Limite nan Anglè (LEP). Yon moun LEP se yon moun ki pa kapab pale, li, ekri, oswa konprann lang Anglè a nan yon nivo ki pèmèt li entèyaji efikasman avèk pèsonèl DCR la. Chak moun kenbe dwa pou l idantifye tèt li kòm yon moun LEP.

DRC mete ajou Plan Aksesiblite Lengwistik sa a (LAP), ki dekri efò k ap fèt kounya a ak ki planifye pou founi sèvis lengwistik epi redui baryè pou moun LEP yo. DCR pral analize epi mete ajou LAP sa a omwens chak dezan oswa pi souvan si sa nesese pou asire yon repons san kanpe pou bezwen kominotè yo.

II. OBJEKTIF

Objektif plan sa a se pou dekri kòman DCR kapab kontinye amelyore pou rive bay aksè adekwa nan pwogram, sèvis, ak aktivite pou moun LEP yo nan yon fason ki jis epi atan.

Objektif LAP sa a se pou:

- Amelyore aksè nan ak kalite pwogram, sèvis, ak aktivite, pou moun LEP yo;
- Redui diferans ak reta nan pwogram, sevis, ak aktivite ki bay moun LEP yo; ak
- Rasyonalize fòmasyon ak resous yo pou pèsonèl la pou ka ogmante efikasite ak asire satisfaksyon piblik la.

III. RÈGLEMAN

Se règleman DCR pou l bay aksè adekwa nan pwogram, sèvis, ak aktivite pou moun LEP yo yon fason pou yo ka pa sibi kontrent, reta, oswa yon kalite sèvis ki redui akòz baryè lengwistik.

Nòm Aksè Ekitab

Y ap ofri moun LEP ki kontakte DCR nan telefòn, anpèsòn, oswa atravè videyo, sèvis entèpretasyon pwofesyonèl pi vit ke posib, e jeneralman nan yon delè ki rezonab ki konparab ak sèvis ki founi an Anglè yo.

Pèsonèl la dwe itilize san pèdi tan sèvis entèpretasyon nan telefòn oswa videyo ki apwouve.

Repons ekri ki voye bay moun LEP yo ap bay nan yon delè rezonab ki konparab ak sèvis ke yo bay moun ki pale Anglè yo. Dokiman ekri ki tradui yo dwe klè, egzat, e apwopriye kiltirèlman.

IV. APLIKABILITE

Règleman sa a aplike a tout sèvis ak biwo ki nan DCR yo.

V. WÒL

Misyon DCR se pou pwoteje, fè pwomosyon pou, ak amelyore richès resous natirèl, kiltirèl, ak pou lwazi ki pou nou tout yo pou byen tout moun. Pran swen teren piblik eta a ak enfrastrikti ki kore yo mande alafwa yon apwòch lajman laj ak kolaborasyon. Pèsonèl nou an antretni wout peyizaje, pak, forè, ak etablisman lwazi yo; pwoteje sekirite piblik la; jere resous dlo ki enpòtan yo; epi travay avèk minisipalite yo ak pwopriyètè tè prive yo pou pran swen richès natirèl yo genyen yo.

Antanke youn nan sistèm pak eta ki pi gwo ak ki gen plis divèsite nan peyi a, DCR jwe yon wòl esansyèl nan konekte abitan ak vizitè yo avèk lanati. Teren piblik nou yo ak enfrastrikti ki kore yo amelyore sante piblik, ranfòse kominote yo epi sipòte ekonomi an.

Pou asire ke avantaj sa yo aksesib pou tout moun, DCR angaje l pou l bay moun LEP yo yon aksè adekwa nan pwogram, sèvis ak aktivite yo. Atravè yon kominikasyon enklizif ak yon aksè ekitab nan resous nou yo, n ap travay pou kreye yon Massachusetts ki pi akeyan ak rezilyan - kote tout moun kapab jwi de espas pataje nou yo epi gen yon vrè santiman apatenans.

Fokis DCR se:

- Amelyore opòtinite lwazi nan lanati ak prezèvasyon resous natirèl yo.
- Restore ak amelyore enstalasyon nou yo;.
- Etann enplikasyon piblik la nan reyalize misyon DCR la; ak
- Etabli sistèm jesyon ak pratik ki gen wo nivo.

Pwogram Sèvis Dirèk DCR

Lwazi: Pwogram ak aktivite pou piblik la sou teren kan yo, chemen ki gen plizyè itilizasyon, pisin, plaj (lanmè ak dlo dous), patinwa, jwèt dlo, teren boul, teren tenis, espas piknik, ak teren pou jwèt.

Aksè Inivèsèl: Bay aksesiblite nan pak, ak pwogram pou moun ki gen tout kapasite atravè yon pwogramasyon lwazi adaptatif ak ekipman lwazi espesyalize pou itilize pandan tout ane a sou plaj yo ak nan patinwa yo.

Sèvis gad forestye ak entèpretasyon: Fè pwomosyon edikasyon anviwònmantal, entèpretasyon resous natirèl ak kiltirèl, ak sansibilizasyon epi fè aplike règ yo sou pwopriyete DCR yo ak nan palè eta a. Sèvis gad forestye a responsab tou pou bay tikè kontravansyon pou pakin ak kolekte frè.

Kontwòl Difè nan Forè: Anpeche, detekte, ak elimine difè nan forè sou teren piblik ak prive.

Forestri: Pwoteje ak jere forè, basenvèsan, ak peyizaj sou teren piblik yo epi reglemante kèk aktivite forestri sou teren prive yo.

Biwo Administratif ak Katye Jeneral: Bay aksè a enfòmasyon sou anplwa, repons a Demann Repons yo (RFR) & Demann Pwopozisyon (RFP), pèmi pou itilizasyon espesyal, rezèvasyon teren kan, ansanm ak akomode divès inite k ap jere sistèm pak yo, ikonpri forestri, lwazi, jeni ak planifikasyon.

Sante ak bonè moun yo atravè Massachusetts depann de aksesiblite ak kalite enfrastrikti vèt nou yo - resous natirèl nou yo, enstalasyon lwazi, ak bèl peyizaj istorik nou yo. DCR kontinye amelyore koneksyon esansyèl ki genyen ant moun ak lanati.
LAP a bay yon opòtinite pou fè sa a tounen yon reyalite pou tout moun k ap entèyaji ak DCR.

VI. PLAN AKSESIBLITE LENGWISTIK

LAP sa a ap egzekite konplètman, selon disponiblite resous fiskal yo. Li reprezante angajman ajans lan pou asire ke tout abitan Massachusetts yo kapab aksede imedyatman nan sèvis, pwogram, aktivite, ak dokiman l yo.

Pou pèsonèl la, plan sa a santralize resous yo, fòmasyon, ak kontni ak piblikasyon ki nan plizyè lang nan ajans lan pandan l dekri nòm minimòm pou aksede nan ajans lan pou moun LEP yo.

Kowòdonatè Aksesiblite Lengwistik

Doktè Monika Roy, Direktè Prensipal Jistis Anviwònmantal, nan monika.roy@mass.gov, ap sèvi kòm Kowòdonatè Aksesiblite Lengwistik DCR e ap responsab devlopman ak egzekisyon Plan Aksesiblite Lengwistik DCR la. Wòl Kowòdonatè Aksesiblite Lengwistik la gen ladan bagay sa yo:

- Fè fòmasyon pèsonèl la;
- Asiste nan jwenn sèvis sipò lengwistik;
- Chak lè, oswa omwen chak dezan, reyevalye ak mete ajou LAP a pou reflete enfòmasyon ajou sou popilasyon LEP ki konsènen yo.
- Konsilte pati ki konsènen yo; ak
- Patisipe nan Gwoup Travay sou Aksesiblite Lengwistik Biwo Egzekitif sou Enèji ak Zafè Anviwònmantal la (EEA).

Definition Aksesiblite Lengwistik

Tradiksyon: Vle di pwosesis pou konvèti tèks ki ekri apati yon lang sous pou pase nan yon tèks ekri ekivalan nan yon lang sib nan yon fason pi konplè ak pi presi ke posib pandan y ap kenbe estil la, ton ak entansyon tèks la e pandan y ap konsidere diferans nan kilti ak dyalèk yo.

Entèpretasyon: Vle di aksyon pou koute, konprann, analize, ak trete yon kominikasyon oralnan yon lang (lang sous) epi apresa rann li oralman nan yon fason fidèl nan yon lòt lang ki pale (lang sib) pandan y ap kenbe menm siyifikasyon an. Pou moun ki gen andikap ki afekte kominikasyon yo, sa ka gen ladan konprann, analize, ak trete yon kominikasyon ki pale oswa sou fòm siy nan yon lang sous epi transmèt enfòmasyon sa a nan yon fason fidèl nan yon lang sib pale, ekri oswa sou fòm siy pandan y ap kenbe menm siyifikasyon sa a.

Aksesiblite Lengwistik pou Sansibilizasyon ak Angajman Piblik

Kòm yon mezi debaz pou aksesiblite lengwistik, DCR pral bay avi reyinyon piblik ki tradui nan senk lang ki pi pale nan Commonwealth la. Lòt lang kapab bay sou demann. Avi reyinyon piblik ki tradui yo ap gen ladan yo enfòmasyon enpòtan sou reyinyon an, ikonpri tit reyinyon an, dat, lè, kote l ap fèt oswa enfòmasyon sou aksè vityèl, yon deskripsyon tou kout sou objektif reyinyon an, konsiy pou demann entèpretasyon oswa lòt sèvis aksesiblite lengwistik, ak enfòmasyon sou kòman pou depoze kòmantè piblik kote sa aplikab.

Pou lòt kalite sansibilizasyon ak angajman pou pwogram, sèvis, ak aktivite DCR yo, ki kapab gen ladan règleman ak/oswa sibvansyon pwojè devlopman, pwogram kolaboratif, aktivite patenarya, opòtinite benevola, avi piblik, sikilè, kanpay enfòmasyon kominotè jeneral DCR yo, DCR t a dwe idantifye ak founi mezi apwopriye pou aksesiblite lengwistik nan lang ki idantifye nan dènye done ACS ak done DESE yo jan sa founi nan kat "Lang ki Pale nan Massachusetts yo", pandan n ap konsidere bagay sa yo kòm pwen

depa nan detèmine zòn jewografik ki enpòtan an: (i) yon reyon senk mayl (miles) pou pwojè ki gen enpak sou lè a, ak (ii) yon reyon yon mayl (mile) pou pwojè ki gen lòt enpak anviwònmantal, amwenske DCR detèmine ke yon lòt zòn jewografik pi byen reflete kominote ki afekte a oswa patisipan ki prevwa yo. DCR t a dwe detèmine tou lang ki apwopriye yo dapre istorik angajman pibik yo, done nan men patnè kominotè ki gen enterè, demann ki resevwa, nati ak enpòtans reyinyon oswa aktivite a, patisipan ki antisipe, finansman ki disponib, kapasite pou mete pèsonèl, disponiblite vandè a, ak fezabilite operasyonèl.

DCR pral priyorize tradiksyon laj ak entèpretasyon andirèk pou inisyativ k ap fèt nan tout eta a e ki enplike enpak siyifikatif pou piblik la, sante oswa sekirite piblik, gwo chanjman nan aksesiblite oswa sèvis piblik, odyans piblik fòmèl, oswa yon bezwen aksesiblite lengwistik ki demontre. Mezi aksesiblite lengwistik yo kapab gen ladan yo avi ki tradui, dokiman enpòtan ki tradui, kontni entènèt ki nan plizyè lang, sèvis entèprèt, konsiy pou kòmantè ki tradui, ak/oswa lòt mezi ki jistifye. DCR pral fè efò ki jistifye pou l bay sèvis aksesiblite lengwistik anplis nan nenpòt lang ki mande atan oswa ke DCR detèmine nesesè pou asire yon aksè siyifikatif. Tout aktivite aksesiblite lengwistik yo ap depann de disponiblite finansman, kapasite pou mete pèsonèl, disponiblite vandè yo, ak fezablite operasyonèl.

Tradiksyon dokiman

Anplis de Anglè, DCR pral pran dispozisyon ki jistifye pou l kenbe piblikasyon ki aplikab pou anpil moun yo ak dokiman enpòtan ki ap parèt devan anpil piblik yo nan senk lang ki pi pale nan Commonwealth la, jan sa idantifye nan dènye done ACS ak done DESE ki disponib yo jan li ye nan kat "Lang ki pi Pale nan Massachusetts yo".

Si yon piblikasyon DCR oswa lòt dokiman pa disponib imedyatman nan yon lang ki t ap nesesè pou yon moun LEP, yo kapab mande dokiman sa a atravè paj entènèt DCR ki rele Mande Sèvis Tradiksyon oswa Entèpretasyon pou Dokiman oswa Evènman DCR yo. Paj entènet sa a gen ladan yon fòm pou mande tradiksyon, e Kowòdonatè Aksesiblite Lengwistik la pral trete demann lan apresa. Ou kapab aksede a fòm demann tradiksyon dokiman an Paj entènèt Jistis Anviwònmantal DCR la.

Entèpretasyon Andirèk

Sèvis entèpretasyon andirèk kapab òganoze alavans oswa itilize nan moman an atravè opsyon sa yo:

- **Entèpretasyon lang pou reyinyon piblik, evènman, oswa lòt pwogramasyon:** Ou kapab mande sèvis sa a atravè paj entènèt DCR la ki rele Mande Sèvis Tradiksyon oswa Entèpretasyon pou Dokiman oswa Evènman DCR yo**.** Se menm fòm ki site pi wo a ki kapab itilize pou demann tradiksyon dokiman yo. Demann yo ap voye bay Kowòdonatè Aksesiblite Lengwistik la pou tret-man. Satisfaksyon demann sa yo depann de konbyen tan demann lan te fèt anvn evènman an, disponiblite entèprèt yo, ak finansman.
- **Entèpretasyon Lang Siy Ameriken (ASL) interpretation:** Sèvis sa a disponib sou demann. Lè yo mande l, DCR pral travay avèk Komisyon Massachusetts pou Soud ak Moun ki Tande Mal (MCDHH) la atravè paj demann yo an pou rezève entèprèt pou evènman an.
- **Entèpretasyon lang sou demann:** Ekip relasyon kominotè DCR la reponn apèl lendi pou rive madi 9am-5pm nan (617) 626-1250 pou manm piblik la ki vle bay enfòmasyon oswa poze kesyon. Pou

moun LEP yo, ekip relasyon kominotè a pral fè vini entèprèt atravè vandè DCR la (aktyèlman Baystate Interpreters) pou asistans.

- **Demann aksesiblite lengwistik ki gen pou wè ak yon andikap, kondisyon medikal, oswa bezwen pou yon akomodasyon jistifye pou aksede nan pwogramasyon oswa sèvis:** Pou asistans nan aksesiblite lengwistik ki gen pou wè a bezwen sa yo, DCR pral travay avèk Kowòdonatè ADA ajans lan pou trete demann lan:

  Moneesha Dasgupta
  DEI Manager & ADA Coordinator
  (617)645-0358
  Imèl: Moneesha.Dasgupta2@mass.gov

Alèt DCR

DCR emèt yon pakèt alèt chak semèn ki gen pou wè ak fèmti wout oswa sit nan menm jou a oswa ki prevwa, enfòmasyon sou sante piblik, osswa sekirite piblik. DCR ap travay pou entegre alèt yo nan Mass.gov yon fason pou alèt sa yo kapab tradui apati fonksyonalite tradiksyon lang entegre ki sou sit la. Anplis, pèsonèl la ap resevwa fòmasyon pou fòmate alèt yo nan fason ki rann mesaj la pi fasil pou moun LEP yo kapab entèprete pwen esansyèl yo. Pa egzanp, data k lè yo t a dwe ekri sou fòm #:## AM/PM. Konsa "7/9 at 1" t a dwe ekri "Thursday July 9th at 1:00 PM" (jedi 9 jiyè a 1:00 PM) pou asire ke nenpòt moun k ap li ki pa moun Etazini pa li dat la kòmsi se 7 septanm e sa ki soti nan kilti ki pi souvan itilize lè militè a kapab konprann si lè a se nan apremidi oswa nan maten. Anplis, tèks konplè a pèmèt itilizatè a pou l kapab mete ekspresyon an nan yon aplikasyon oswa yon sit entènèt tradisksyon pou l resevwa repons kòrèk la kèlkeswa konfigirasyon aparèy oswa aplikasyon rejyonal yo genyen an.

Itilizasyon Zouti Entelijans Atifisyel (AI) pou Aksesiblite Lengwistik

DCR pa itilize AI pou kounya a oswa lòt sèvis dijital pou bezwen tradiksyon dokiman l yo. Sepandan, DCR ouvè pou eksplore seryezman kòman solisyon ki fèt ak AI yo t a kapab kore efò nou yo pou n elaji aksesiblite lengwistik epi konplete ekspètiz moun nan. Nenpòt itilizasyon zouti AI alavni ap gide pa angajman nou pou presizyon ak bezwen abitan Commonwealth la ke n ap sèvi yo.

Kontni Entènèt

Tout paj entènèt Mass.gov yo kapab tradui otomatikman anba "Select Language" ("Chwazi Lang") anlè ekran an. DCR ap entegre nan tèt fòm, alèt, ak lòt paj kontni ki sou entènèt yo "Tanpri remake: tout sit Mass.gov yo (ikonpri fòm sa a) kapab tradui otomatikman anba "Chwazi Lang" nan tèt ekran an" pou alète moun sou fonksyonalite sa a.

Konfòmite a ADA ak Seksyon 508

DCR angaje pou l asire ke kontni dijital ak sèvis anliy li o aksesib pou tout moun, ikonpri sa ki gen andikap yo. Tit II Lwa sou Ameriken ki gen Andikap la aplike a tout sèvis, pwogram, ak aktivite ke gouvènman nan nivo eta ak lokal yo bay, ikonpri sa ki ofri anliy yo ak atravè aplikasyon mobil. Konfòmeman a Tit II a ak Règleman sou Aksesibite Dijital nan Commonwealth la, kontni dijital DCR yo, ikonpri dokiman elektwonik yo, miltimedya, ak media sosyal yo, dwe satisfè Direktiv sou Aksesiblite Konti Entènèt la (WCAG) vèsyon 2.1 ak Nivo AA a kòm yon nòm teknik minimòm pou aksesiblite. Anplis, dokiman ak kominikasyon elektwonik yo dwe adere a direktiv ak egzijans kontwòl yo jan sa mande nanRègleman sou Aksesiblite Dijital nan Commonwealth la.

Règleman sou Aksesiblite Dijital la egzije pou DCR asire l ke anplwaye yo pran fòmasyon nan aksesiblite dijital ki obligatwa e ki espesifik a travay yo, e ke aksesiblite mete nan egzijans planifikasyon pwojè yo pou devlopman aplikasyon. Obligasyon DCR nan aksesiblite dijital yo etann li a founisè deyò yo tou: aplikasyon entènèt ak mobil, kontni entènèt, ak dokiman ak materyèl ansèyman konplemantè ki bay atravè yon founisè oswa yon kontraktan deyò dwe konfòm tou a WCAG vèsyon 2.1 nivo A an AA. DCR pral mete egzijans aksesiblite nan pwosesis apwovizyònman ak nan kontra yo nan sans sa a.

Nan kad règleman sa a, “aksesiblite” vle di ke yon moun ki gen yon andikap jwenn opòtinite pou resevwa menm enfòmasyon an, angaje nan menm entèyaksyon yo, ak pwofite de menm sèvis ke yon moun ki pa gen andikap, nan yon fason ki efikas ak entegre menm jan an, avèk yon fasilite itilizasyon ekivalan e avèk menm nivo sekirite ak pwoteksyon pou vi prve yo. DCR pral travay konfòmeman avèk Sant Aksesiblite Commonwealth la pou Sèvis Konsiltasyon, Edikasyon ak Asistans (ACCESS) ak Biwo Egzekitif pou Sèvis Teknolojik akSekirite (EOTSS) pou asire yon konfòmite san rete ak yon amelyorasyon san rete de resous dijital DCR yo.

Pèsonèl Miltileng nan DCR

DCR ankouraje rekrite ak kenbe pèsonèl miltileng nan tout pòs yo, espesyalman pou pèsonèl k ap ankontak ak piblik la ak pou ekip relasyon kominotè ajans la.

Fòmasyon Pèsonèl

Plan Aksesiblite Lengwistik la (LAP) ap:

- Poste entènalman bay tout anplwaye yo;
- Ajoute nan oryantasyon pou nouvo anplwaye yo;
- Prezante bay direksyon an yon fason pou yo kapab totalman okouran ak konprann LAP a nan lide pou ranfòse enpòtans plan an epi asire ke pèsonèl la egzekite l; epi
- Prezante bay pèsonèl DCR la ki gen kontak ak piblik la, pou pèsonèl say o kapab fòme pou yo travay efikasman avèk moun LEP yo ak entèprèt nan telefòn yo.

Suivi

DCR pral analize epi mete ajou Plan Aksesiblite Lengwistik li an omwen chak dezan oswa pi souvan, jan sa nesesè.

Chak analiz pral konsidere bagay sa yo:

- Si te gen chanjman enpòtan kèlkonk parapòta ki lang ki plis pale nan Massachusetts;
- Si pèsonèl la konnen ak konprann dokiman LAP a epi konfòtab pou itilize sèvis ki dekri ladan l yo;
- Si gen dokiman anplis ki bezwen tradiksyon;
- Idantitifikasyon tout difikilte oswa pwoblèm ki gen pou wè ak bay moun LEP yo sèvis ki te ka rive pandan ane ki pase a; ak
- Idantifikasyon tout aksyon ki t a ka rekòmande pou bay sèvis lengwistik ki pi responsive ak efikas (pa egzanp, ajoute dokiman ki pou tradui, kreye oswa agrandi patenarya avèk òrganizasyon kominotè yo, oswa chanje priyorite yon nan mete pèsonèl dsponib).

Suiv efikasite Plan Aksesiblite Lengwistik la kapab genyen ladan:

- Analize done aktyèl ak pase sou itilizasyon asistans lengwistik, ikonpri pou ki lang sèvis yo te bay;

- Mennen ankèt bò kote pèsonèl la sou konbyen fwa yo itilize sèvis asistans lengwistik, si yo kwè t a dwe gen chanjman nan sèvis ki bay yo oswa founisè ki itilize yo, ak si yo kwè ke sèvis asistans lengwistik ki la yo satisfè bezwen kominote LEP yo nan zòn y ap sèvi a; ak
- Suiv fidbak òganizasyon ki nan kominote yo, sèvis jiridik yo, ak lòt pati ki konsènen sou efikasite ak pèfòmans ajans lan nan asire yon aksè ki efektif pou moun LEP yo.

Kowòdonatè Aksesiblite Lengwistik DCR la ap patisipe chak trimès nan reyinyon ke Kowòdonatè deziyen Sekretarya Aksesiblite Lengwistik nan Biwo Egzekitif Enèji ak Zafè Anviwònmantal la òganize pou evalye egzekisyon plan sa a.

Si w gen nenpòt difikilte oswa kesyon konsènan egzekisyon Plan Aksesiblite Lengwistik sa a, tanpri kontakte Biwo Aksesiblite ak Opòtinite Gouvènè a nan eduardo.morenomendez@mass.gov oswa govcommunityaffairs@mass.gov.Ou kapab tou kontakte Kowòdonatè Aksesiblite Lengwistik DCR la, Dr. Monika Roy, nan monika.roy@mass.gov.